



Chinatown

Chak maten yon tigason ak grann li al **pwomennen** a pye nan “Chinatown”. Li kenbe men grann anvan yo travèse la ri a, e yo fè **atansyon** pou machin pa fwape yo. Lapli pa di tan klas *tai chi* konn deja kòmanse. Se konsa nou wè moun sou plas piblik la kap egzèse. Nou toujou fè yon ti kanpe pou nou salye mesye Wong. Misye se yon **kòdonnye**, li repare soulye pou yon bon pri. “Mwen ap viv ak manman m, papa m, ak granmè m. Apatman nou an anlè yon **boutik** chinwa.

Moun ki rete nan Chinatown leve bonè paske gen gwo kamyon ki vini delivre **machandiz**. Gen **bouretye** kap mache byen vit sou **twotwa** yo e moun kap rantre sòti nan magazen yo. Chak jou granmè ak mwen nou pase devan yon restoran yo rele *Dai-Dai*. Poul fri se sa mwen renmen , tandis ke grann mwen renmen kanna.

Lè fè fret, granmè pase nan boutik ki vann fèy pou li achte, konsa lale fè soup. Granmè di “sezon ivè ap vini, se pou nou gen fòs”. Andedan boutik fèy la fè nwa e santi **mwezi**. Mèt boutik la, mesye Chung ap mete rasin, plant, epis ak fèy nan sache.




Granmè ak mwen pafwa soti al manje manje midi nan yon restoran ki vann **fwidemè** sèlman. Mwen renmen gade pwason k ap naje nan **akwaryòm** la. Gen anpil bwi ki ap fèt nan kwizin restoran an. Ou ka tande lwil k ap fri, vejetab

kap koupe, kiyè kap fwape nan chodyè, ak **kwizinyè** kap pale fò pou yo sa tande yo.

Nan mache a, ou pa kapab mache **sitelman** gen moun. Nou achete kèk krab fre. Tank krab yo **dechennen** granmè di: “ yo gen pi bon gou . ” Le samdi mwen ale pran leson *kung fu*. Mastè Leung **ansenye** bagay nouvo chak semen pou nou ka developpe kò nou ak lespri n. Li di se pou nou **pratike** chak jou.

Fèt mwen pi renmen se **joudlan** chinwa. Lari yo chaje ak moun. Granmè toujou ap di: “Bat pou rete pre m nan gwoup moun sa yo.” Granmè m avè m ap gade parad nouvo ane a. Nou wè yon gwo lyon k ap **fofile** danse nan lari a, gen **fe datifis**, **pwi detwal**, **alimèt bengal**. Ane pwochenn nou pral mache nan parad la tou. Mwen vire e m kenbe men grann epi mwen di li: “*Cung hay lat choy*” Grann fè yon ti souri e repond mwen “Bòn ane tou.”



Acivities

Mwen konprann tèks la

1. Ki moun ki ap rakonte itswa a?
2. Poukisa otè vle ou konnen key o te kenbe men pou yo traverse la ri a?
3. Baze nan istwa a ki sa ou panse *tai chi* vle di?
4. Eske ou panse grann ak tigason kòn fè ekszèsis tou? Eksplike ?
5. Pouki sa tigason pa t ka mache byen nan mache a?
6. Ki kalite moun w ap jwenn ki viv pifò nan Chinatown? Kouman w fè konnen?
7. Ki sa w ka di sou relasyon grann ak tigason an ?
8. Lè yo tal achte nan boutik fè la, tigason an te di li te santi mwezi. Eksplike ki sa mo mwezi a vle di?
9. Ki gwo fèt ki t ap selebre nan vil la? Kijan yo te fete?
10. Ki lòt fèt ou konnen kote ou ka wè moun ap mache nan parad ?
11. Ki espwa tigason an genyen pou lòt ane?

An nou reflechi

1. Kijan tigason panse the katye a?
2. Si ou t ap vizite Chinatown, Ki sa w ta renmen wè? Poukisa?
3. Ki sa tigason an aprann de granmè li?
4. Site de mo otè a dekri kijan Chinatown sanble, ki odè li genyen, ki son ou tande, kijan ou santi w e ki gou manje yo?
5. Konpare kèk job ak biznis nan Chinatown ak kominote pa w al. Kijan yo gen resanblans/diferans?
6. Site yon fè ki pase nan istwa a? Bay opinion w de istwa a?

Skill Focus: Comprehension

Making judgments:

1. Have students refer to the following parts of the story and then write their opinions of grandma.

*Lè fè fret, granmè pase nan boutik ki vann fèy pou li achte, konsa lale fè soup. Granmè di “sezon ivè ap vini, se pou nou gen fòs”.

*Lari yo chaje ak moun. Granmè toujou ap di: “Bat pou rete pre m nan gwoup moun sa yo.”

2. Invite students to tell how they think we should treat one another. Ask students to talk about how the boy treats his grandmother. Tell children to form an opinion about the boy.

Focus Words (Common Nouns)

Identify words from the story that name (a person, place, or thing) moun, kote, bagay

Moun	Kote	Bagay

Focus Writing

Tigason nan Chinatown renmen manje nan restoran. Anvan ou kòmanse ekri, panse a yon restoran ou te vizite. Dekri restoran an. Ekri yon tit, itilize adjektif e detay nan redaksyon w an.